# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## 2021-жылғы жазғы мәўсимде балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў жумысларын шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында

Жазғы дем алыс дәўиринде балалардың дем алыўын шөлкемлестириў ҳәм саўалландырыў ис-илажларын ислеп шығыў, оларды әмелге асырыў бойынша системалы қадағалаўды жолға қойыў ҳәм мониторингин тәмийинлеў бойынша Муўапықластырыўшы топары мәжилисиниң 2021-жыл 19-майдағы баянламасы ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-июньдеги 173-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-июньдеги 173-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2.Усы буйрық пенен төмендегилер:**

2021-жылда балаларды жазғы дем алыс орайларында дем алдырыў мәўсими усы жылдың 1-июнь сәнесинен, Республикалық “Меҳирбанлық үй”лери саўалландырыў орайлары ҳәм балалар саўалландырыў майданшалары 15-июнь сәнесинен баслап хызмети жолға қойылғанлығы;

2021-жылда улыўма орта билим бериў мәкемелеринде шөлкемлестирилетуғын саўалландырыў майданшалары ҳәм дем алыўшы балалар саны Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-июньдеги 173-санлы буйрығының 1-қосымшасына муўапық;

-Меҳирбанлық үйлери ҳәм Балалар қалашалары тәрбияланыўшыларын 2021-жыл жазғы мәўсимде дем алдырыў реже-кестеси 2-қосымшасына муўапық;

-балалар жазғы дем алыс орайларының карантин дәўиринде хызметин шөлкемлестириў бойынша талаплары 3-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Белгилеп қойылсын:

-жаз мәўсими дәўиринде улыўма орта билим бериў мәкемелериндеги балалар саўалландырыў майданшаларының хызмети дүйшемби-жума күнлери саат 8:00 ден, 13:00ге шекем шөлкемлестирилиўи;

-саўалландырыў майданшалары ҳәм дем алыўшы балалар саны реже-кестесине муўапық жергиликли бюджет ҳәм қәўендер мәкемелердиң қаржылары есабынан шөлкемлестирилетуғынлығы атап өтилсин.

4. **Министрликтиң Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Таңирбергенов)не:**

-Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясы кеңеси Қарақалпақстан бөлимими менен биргеликте мәўсим даўамында дем алыс орайларының педагог хызметкерлерине болған зәрүрликти анықлаў ҳәмде дем алыс орайларында хызмет көрсетип атырған тәрбияшы, жетекши ҳәм дөгерек басшыларының ең мүнәсиплерин таңлап алыў;

Мәдeният министрлиги, Жаслар ислери агентлиги менен биргеликте жаз мәўсими даўамында дем алыс орайларына тартылмай қалған оқыўшылар ушын таңлаў ҳәм фестиваллар шөлкемлестириў;

-оқыўшы-жаслар менен ислеўди нәтийжели шөлкемлестириўде 5 әҳмийетли басламаны дем алыс орайларында әмелге асырыў бойынша ҳәр түрли таңлаў ҳәмде спорт жарысларын шөлкемлестириўди тәмийинлеў;

-дем алыс орайлары хызмети бойынша ҳәптелик мағлыўматларды усы жылдың 15-июнь сәнесинен баслап, Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясы кеңеси Қарақалпақстан бөлимине киритиў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. **Республикалық «Бәркамал әўлад» балалар мектеби (Т.Нажимов), Республикалық "Балалар китапханасы" (З.Сейтниязова),"Ёшлик" дене-тәрбия ҳәм спорт жәмийети (Б.Байниязов)не:**

-Республикалық "Меҳирбанлық үйи"нде кеўил ашар илажлар, ҳәр қыйлы таңлаў ҳәм ғалабалық жарыслар шөлкемлестириў, көркем әдебиятлар ҳәм спорт инвентарлары менен тәмийинлеў сондай-ақ, орынларда дөгерек жумысларын жолға қойыў ўазыйпасы тапсырылсын.

6. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:**

-усы жылдың 5-июнь сәнесине шекем жергиликли кәсиплик аўқамы менен биргеликте жазғы дем алыс орайларының педагог кадрларға болған зәрүрлигин анықлаў ҳәм де 2021-жылдың жаз мәўсиминде дем алыс орайларында хызмет көрсетиўши педагог хызметкерлер – тәрбияшы, жетекши ҳәм дөгерек басшыларының ең мүнәсиплерин таңлап, олардың дизимлерин қәлиплестириў;

-барлық дем алыс орайларында көшпели китапханалар шөлкемлестириў, оларды Өзбекстан Республикасы Президенти шығармалары, көркем әдебиятлар, жеңиске ерисиўге жетеклеўши китаплар ҳәм газета-журналлар менен тәмийинлеў;

-дем алыс орайларында тәрбияланыўшыларды азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеў ҳәмде азық-аўқат өнимлерин таярлаў санитария нормалары талапларына әмел етилиўин нәзерде тутыў;

-мәдений, дөретиўшилик мәселелери бойынша үгит-нәсиятлаўшыларды саўалландырыў майданшаларына бириктириў ҳәмде стационар балалар дем алыў орайларына китапханашы сыпатында жумысқа жайластырыўды тәмийинлеў;

-"Бәркамал әўлад" балалар мектеплеринде дөгерек басшыларының қәлеўлери бойынша саат 10:00 ден 13:00ге шекем саўалландырыў майданшаларын шөлкемлестириў;

-"Балалар китапхана"ларында "Ең жақсы дем алыс китапқумар балалар ушын" ураны астында саат 10:00ден 16:00ге шекем саўалландырыў майданшаларын жолға қойыў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. **Министрликтиң Баспа сөз хаткери (Т.Даўлетмуратов)не:** -

-Жазғы дем алыс орайларында балаларды дем алдырыў процесси ҳәм өткерилип атырған ҳәр қыйлы илажларды ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмийетшиликке жарытып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

10. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI
QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**Нөкис қаласы,**
**2021-жыл "11" Июнь**
**№ 149**